



Pou Piblikasyon Imedya: 27/09/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON OGMANTASYON 74 POU SAN NAN LAVANT MACHIN ELEKTRIK YO DEPI LANSMAN RABÈ KONDWI PWÒP AN MAS LA

Eta a Apwouve Plis Pase 2,000 Rabè pou Konsomatè yo Atravè Eta a

Li Sipòte Objektif Enèji Pwòp Gouvènè a Pou Redwi Emisyon Gaz A Efè Sèr yo epi Konbat Chanjman Klimatik yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Eta New York te wè yon ogmantasyon 74 pousan nan lavant machin elektrik yo sou menm peryòd tan ke ane pase a, ki se rezilta inisyativ Rabè Kondwi Pwòp lan (Drive Clean Rebate) ki te lanse nan dat 21 Mas 2017. Inisyativ Rabè Kondwi Pwòp lan ap bay abitan New York yo yon rabè jiska 2,000 dola pou acha yon nouvel machin elektrik nan men konsesyonè ki ap patisipe yo. Inisyativ lan sipòte objektif agresif Gouvènè Cuomo pou redwi emisyon gaz a efè sèr yo de 40 pousan apati 2030 nan ankouraje kwasans itilizasyon machin elektrik ki pwòp epi ki pa polyan yo nan New York.

“Inisyativ Rabè Kondwi Pwòp lan ap ede deplizanpli moun New York rejwenn batay nou an kont chanjman klimatik yo apati acha veyikil pwòp yo epi redwi emisyon gaz a efè sèr”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pandan ke plis veyikil elektrik ki aksesib epi a pri abòdab yo ap antre sou mache a, mwen ap ankouraje plis moun New York vin rejwenn efò ki ap mennen nan nasyon nou an pou konstwi yon New York ki pi pwòp, pi ekolojik, epi pi dirab pou tout moun”,

Pandan twa premye mwa konplè yo apre reyalizasyon Rabè Kondwi Pwòp (Avril - Jen), Eta New York te wè yon ogmantasyon konsiderab nan kantite total machin elektrik ke yo te vann:

Peryòd Tan	2016	2017	Chanjman Pousantaj
Janvyè - Mas	1,133	1,635	44%
Avril - Jen	1,476	2,574	74%
Kantite total machin elektrik ki te kann yo	2,609	4,209	61%

Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York yo (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), ki ap jere pwogram rabè a, te apwouve plis pase 2,300 aplikasyon pou rabè yo nan senk premye mwa konplè rabè yo

ki te disponib yo (Mas - Dawout). An total, yo te bay plis pase 3 milyon dola sou fòm rabè pou moun New York yo achte oswa lwe 26 modèl machin diferan. Modèl machin ki ap mennen ke yo te vann yo gen ladan Toyota Prius Prime, ki konte pou plis pase 40 pousan nan rabè yo, Chevrolet Bolt EV (12 pousan), Chevrolet Volt (10 pousan), ak Ford Fusion Energi (10 pousan). An jeneral, laplipa moun yo te resevwa rabè 1,100 dola oswa pi plis pou nouvèl machin elektrik yo.

Richard Kauffman, Prezidan Energy ak Finance (Energy and Finance) Eta New York la, te deklare, “Chak ane, endistri otomobil lan ap devlope modèl veyikil elektrik ki deplizanpli inovatif ki kapab vwayaje deplizanpli lwen ak yon sèl rechaj. Ak sipò inisyativ Rabè Kondwi Pwòp Gouvènè Cuomo an kòm yon pati nan inisyativ kilmatik New York ki ap mennen nan nasyon an yo, mwen te kontan anpil dèske deplizanpli moun New York te fè chwa pou achte veyikil ki pa emèt anpil kabòn sa yo ki ap sipòte yon anviwònman ki pi pwòp”.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York, Alicia Barton, te di, “Inisyativ Rabè Kondwi Pwòp lan ap bay moun ki renmen machin yo opsyon a pri abòdab pou kapab redwi anprent kabòn yo. Kantite patisipasyon remakab yo montre klèman ke popilasyon an sipòte efò enèji pwòp Gouvènè Cuomo yo ki ap mennen nan nasyon an, epi ke pwogrè enèji pwòp lan ap reyalize gras a konsomatè ki entelijan, ki pran konsyans sou plan anviwònmantal, ki ap mande teknoloji enèji pwòp tankou veyikil elektrik yo”.

Nan 2,332 aplikasyon pou Rabè Kondwi Pwòp ke yo te soumèt yo jiska dat 31 Dawout 2017 lan, anviwon 33 pousan ladan yo te soumèt pa konsomatè Long Island yo (779 aplikasyon), ki te swivi pa konsomatè nan rejyon Mid-Hudson lan yo (404 aplikasyon - 17.3 pousan), Distri Kapital (276 aplikasyon - 12 pousan), ak Finger Lakes (251 aplikasyon - 11 pousan).

Aplikasyon Rabè Ke Yo Te Soumèt pa rejyon yo:

Long Island	779	33%
Mid-Hudson	404	17.3%
Distri Kapital	276	12%
Finger Lakes	251	11%
Vil New York	197	8.4%
Rejyon Lwès New York	167	7.1%
New York Santral	87	3.7%
Southern Tier	74	3.2%
Mohawk Valley	60	2.5%
North Country	37	1.5%

*Rive 31 Dawout 2017: 2,332 aplikasyon an total

Sektè transpò a se pi gwo kontribitè nan gaz a efè sèr nan Eta New York a. Konpare ak machin ki alimante ak gazolin yo, machin elektrik yo pi efikas sou plan enèji epi yo koute anviwon 50 a 70 pousan mwens pou kouri pa kilomèt. Yo prevwa ekonomi emisyon kabòn ki soti nan machin k ap resevwa rabè a dapre inisyativ sa ap 115,000 tòn metrik pa ane, ekivalan si w retire 24,000 machin sou wout la.

Inisyativ Rabè Kondwi Pwòp lan se yon inisyativ rabè ak sansibilizasyon pou machin elektrik pou 70 milyon dola pou ankouraje kwasans itilizasyon machin elektrik pwòp epi ki pa polyan yo nan New York, epi fè pwomosyon rediksyon emisyon kabòn nan sektè transpò a. Objektif lan se pou bay konsomatè yo rabè sou pwochèn ane yo pou kapab ogmante lavant yo epi konstwi dinamis mache a, ki pral an retou fè bese pri veyikil yo pou konsomatè yo.

Nan sa, 55 milyon dola te dedike pou rabè yo ki jiska 2,000 dola pou acha yon nouvell machin elektrik ibrid ki ka plòge, machin ki totalman elektrik, oswa machin ki mache ak gaz idwojèn yo. Rès 15 milyon dola a pral sipòte amelyorasyon sansibilizasyon konsomatè yo pou machin elektrik yo ak pakèt benefis yo genyen, enstalasyon plis estasyon rechaj atravè eta a, devlopman ak demonstrasyon nouvell teknoloji transmisyon machin yo, ak lòt efò pou mete plis machin elektrik sou wout New York yo.

Plis pase 30 diferan kalite machin elektrik disponib sou inisyativ Rabè Kondwi Pwòp la. Pou enfòmasyon sou benefis machin elektrik, kalite machin ak modèl ki disponib pou rabè ak nivo rabè yo, lokasyon ak dilè k ap patisipe yo, yon kat jewografik sou estasyon chajman Eta New York yo ak adrès sou opsyon chaje adomisil yo, vizite [sit entènèt Rabè Kondwi Pwòp la](#) NYSERDA.

Inisyativ Rabè Kondwi Pwòp la se jis yonn nan pakèt mezi ke Gouvènè Cuomo te pran yo pou ogmante kantite machin elektrik ki nan Eta New York. Nan kòmansman ane sa, Gouvènè a te anonse yon nouvell kanpay veyikil elektrik ki enkli enstalasyon estasyon rechaj yo, motivasyon pou patwon yo pou ankouraje anplwaye yo kondwi veyikil elektrik, menm jan ak enstalasyon estasyon rechaj yo sou Thruway Eta New York lan. Estasyon rechaj yo ap sipòte objektif Charge NY Eta a pou gen 3,000 estasyon rechaj ki enstale apati 2018.

Semèn pase a Gouvènè Cuomo te anonse disponibilite 2.2 milyon dola ki soti nan Fon Pwoteksyon Anviwònman la (Environmental Protection Fund) nan rabè pou minisipalite yo achte oswa lwe machin elektrik, (machin ibrid ki pou plòge oswa ki gen batri) oswa machin a gaz idwojèn pou itilizasyon flòt minisipal yo, epi pou enstalasyon enfrastrikti piblik pou fè rechaj oswa kabiran yo. Eta a te revize tou règleman yo pou klarifye règ pwopriyetya estasyon rechaj yo, epi sipòte pwojè demonstrasyon ak rechèch yo nan nouvell politik ak teknoloji machin elektrik ak branchman yo. An plis, Otorite Enèji New York la (New York Power Authority) te envite minisipalite yo pou antre nan yon kokennchenn kontra ki ap ofri pi bon pri pou materyèl, enstalasyon ak mentnans estasyon rechaj yo. Gouvènè a te anonse anvan, disponibilite yon lòt 3 milyon dola pou ede minisipalite ak kowoperativ elektrik riral ki kalifye yo achte veyikil elektrik pou yo itilize nan flòt minisipal yo.

Konsènan Charge NY

Inisyativ Charge NY Gouvènè Andrew M. Cuomo a pral akselere kwasans mache veyikil elektrik la nan Eta New York atravè edikasyon, rechèch, sansibilizasyon konsomatè yo, ak sipò finansyè pou enstalasyon estasyon rechaj batri atravè tout New York. Yo te deja enstale plis pase 1,700 estasyon rechaj batri veyikil elektrik nan kad objektif Charge NY pou gen 3,000 estasyon rechaj batri avan 2018. Otorite Rechèch ak

Devlopman Enèji Eta New York la, Otorite Enèji New York la ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal Eta New York la (New York State Department of Environmental Conservation) ap kolabore nan inisyativ sa a nan kad objektif Eta a pou redwi emisyon gaz efè sèr yo a 40 pousan avan 2030.

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418